

KESYON #1: ELEKSYON

Pwopozisyon sa a pral fè plizyè amandman nan Manman-Lwa Vil la ki gen pou wè ak eleksyon pou pòs yo nan Vil la.

Chwa Vòt selon Klasman. Kounye a, yo òganize eleksyon pou pifò pòs yo gras ak yon majorite relatif tradisyonèl oswa yon sistèm “majorité ininominal,” kote kandida ki resevwa pifò vòt yo gen laviktwa, kèlkeswa pousantaj vòt kandida a te resevwa, ak tou lè yon kandida resevwa mwens pase yon majorite nan vòt yo. Nan eleksyon primè pou twa (3) pòs ki nan tout vil la (Majistra, Defansè Piblik ak Kontwolè), ak nan eleksyon espesyal yo pou Majistra, si okenn kandida pa resevwa omwen 40% vòt la, y ap òganize yon dezyèm tou eleksyon ant de premye kandida ki fè plis vòt yo nan yon eleksyon ki apa nan yon dat pi devan.

Amandman sa a yo pwopoze nan Manman-Lwa a pral tabli chwa vòt selon klasman, yo konnen tou sou non dezyèm tou vòt imedya, nan eleksyon primè ak eleksyon espesyal yo pou Majistra, Defansè Piblik, Kontwolè, Prezidan Minisipal ak Manm Konsèy Minisipal. Elektè yo pral kapab klase nan lòd yo pi pito a jiska senk (5) kandida, ladan yo ap gen yon kandida non li pa parèt sou bilten vòt la. Si okenn kandida pa resevwa yon yon majorite nan vòt premye chwa yo, yo pral elimine kandida ki gen mwens vòt premye chwa yo epi yo pral transfere vòt elektè ki te chwazi kandida sa a bay dezyèm kandida li chwazi a. Yo pral refè pwosesis sa a jiskaske gen de (2) kandida ki rete, epi se kandida ki gen pifò vòt yo lè sa a ki pral genyen eleksyon an. Tabli chwa vòt selon klasman pou pòs sa yo nan eleksyon primè ak eleksyon espesyal yo pral elimine bezwen pou gen dezyèm tou eleksyon apa yo nan yon dat pi devan. Chwa vòt selon klasman an pa pral aplike pou eleksyon jeneral yo, ki pral rete san li pa chanje epi ki itilize metòd pliralite tradisyonèl la ki se “majorité ininominal.” Selon amandman pwopoze sa a, Vil la pral oblije mennen yon kanpay edikasyon pou elektè pou li fè yo familyarize yo avèk chwa vòt selon klasman an.

Amandman pwopoze sa a pral aplike pou tout eleksyon primè ak eleksyon espesyal pou Majistra, Defansè Piblik, Kontwolè, ak Manm Konsèy Minisipal k ap fèt 1ye janvyè 2021 oswa apre 1ye janvyè 2021.

Moman ki Chwazi pou Eleksyon Espesyal yo. Kounye a, lè pòs Defansè Piblik, Kontwolè, Prezidan Minisipal oswa Manm Konsèy Minisipal la vin vid pandan yon manda, yo jeneralman òganize yon eleksyon espesyal san paspouki anviwon 45 jou apre pou yo mete moun nan pòs la pou yon ti moman. Lè pòs Majistra a vin vid, yo jeneralman òganize yon eleksyon espesyal anviwon 60 jou apre. Amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral pwolonje delè pou òganize yon eleksyon espesyal rive 80 jou pou chak pòs sa yo yon fason pou bay Konsèy Elektoral la plis tan pou voye bilten vòt yo nan lapòs bay militè ak elektè ki aletranje yo.

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè tousuit.

Moman ki chwazi pou Re-dekoupaj. Yo redefini limit distri konsèy minisipal la chak dis (10) lane pou reflète chanjman popilasyon dènye Resansman Etazini an montre. Yo jeneralman rele pwosesis sa a “re-dekoupaj.” Yon Komisyon Dekoupaj Majistra a ak Konsèy Minisipal la nonmen fè re-dekoupaj la epi li òganize odyans piblik yo epi li prepare yon nouvo kat distri pou Konsèy Minisipal la. Selon Manman-Lwa aktyèl la, pwochen pwosesis re-dekoupaj la ap kòmanse nan mitan lane 2022 epi li pral fini nan mwa mas 2023. Men, dènyeman Eta New York te fè yon lwa ki te deplase eleksyon primè yo nan Vil la soti mwa septanm rive mwa jen; kidonk, kandida pou Konsèy

Minisipal yo pral kòmanse kolekte siyati sou petisyon nominasyon pou yo parèt sou bilten vòt eleksyon primè a anvan yo fini re-dekoupaj la. Sa vle di, kandida pou Konsèy Minisipal yo pral bezwen jwenn siyati nan men rezidan distri yo, men yo pa pral konnen limit distri yo a. Amandman pwopoze a fè delè pwosesis re-dekoupaj la pi kout yon fason pou li fini anvan peryòd petisyon kandida pou Konsèy Minisipal la kòmanse.

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè tousuit yon fason pou li aplike pou pwochen pwosesis re-dekoupaj la.

KESYON #2: KONSÈY REVIZYON PLENT SIVIL YO

Pwopozisyon sa a pral fè plizyè amandman nan Manman-Lwa Vil la ki gen pou wè ak Konsèy Revizyon Plent Sivil la (Civilian Complaint Review Board, CCRB).

CCRB a mennen ankèt epi li rezoud plent piblik la pote kont polisye ki itilize twòp fòs, ki mal itilize pouvwa yo, ki maledve oswa ki itilize mo sal. Nan pifò ka yo, CCRB a fè rekòmandasyon pou mezi disiplinè yo dirèkteman bay Depatman Polis la. Nan ka ki pi grav yo, selon yon akò avèk Depatman Polis la, CCRB ap pouswiv lajistis polisye a dirèkteman nan kad yon pwosè administratif yon ofisyèl Depatman Polis la ap prezide. Nan tout ka yo, dènye pouvwa disiplinè a rete nan men Komisè Polis la.

Estrikti Konsèy Revizyon Plent Sivil yo. Kounye a, CCRB konpoze ak 13 manm Majistra a nonmen. Konsèy Minisipal la nonmen senk (5) manm. Komisè Polis la nonmen twa (3) manm. Epi Majistra a sèlman chwazi tout senk (5) manm ki rete yo. Majistra a chwazi tou yon manm ki pou jwe wòl prezidan. Amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral agrandi CCRB a nan ajoute de (2) nouvo manm: yon (1) manm Defansè Piblik la nonmen ak yon (1) manm Majistra ak Prezidan Konsèy la nonmen nan tèt ansanm ki pou jwe wòl prezidan. Nenpòt lè pòs prezidan an vid, Majistra pral nonmen yon (1) prezidan pwovizwa k ap soti nan manm konsèy ki egziste yo. Amandman an pral fè Konsèy Minisipal la nonmen manm li yo dirèkteman tou olye li annik nonmen yo epi mande pou yo mete moun nan pòs vid yo nan yon delè 60 jou.

Amandman pwopoze a pral antre an vigè 31 mas 2020, sof manda de (2) nouvo manm yo ki pral kòmanse 6 jiyè 2020.

Bidjè Pwoteje CCRB a. Majistra a ak Konsèy Minisipal la fikse Bidjè CCRB a chak ane. Nan kòmansman ane fiskal 2021 an, amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral mande pou bidjè pèsonèl CCRB a wo ase pou li satisfè bezwen yon efèktif ki egal ak 0.65% kantite polisye ann inifòm ki nan bidjè a, sof si Majistra a deside nesosite fiskal la mande yon bidjè ki pi ba.

Eka pa rapò ak Rekòmandasyon Disiplinè yo. Kounye a, si CCRB rekòmande pou yo disiplinè yon polisye, Komisè Polis la dwe fè rapò bay CCRB sou aksyon yo pran konsènan polisye sa a. Men, rapò sa yo pa oblije gen penalite yo enpoze a ladan li ni jistifye penalite a. Pou ka ki pi grav CCRB a ap pouswiv lajistis dirèkteman yo nan kad yon pwosè administratif yon ofisyèl Depatman Polis la ap prezide, Komisè Polis la dwe avèti CCRB anvan li enpoze mezi disiplinè ki mwen enpòtan pase sa CCRB a oswa ofisyèl k ap prezide a rekòmande a. Avi sa yo dwe esplike an detay rezon ki fè Komisè a pa respekte mezi disiplinè yo rekòmande a e yo jeneralman rele avi sa yo “nòt sèvis dezakò.”

Selon amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a, si CCRB a rekòmande pou yo disiplinè yon polisye, rapò Komisè Polis la fè bay CCRB a pral bezwen dekri nenpòt mezi disiplinè oswa penalite yo enpoze yo. Anplis, si Komisè Polis la pa respekte sa CCRB rekòmande a (sa ofisyèl Depatman Polis la rekòmande apre yon pwosè administratif), donk li dwe bay yon esplikasyon detaye sou rezon ki fè li pa respekte mezi yo rekòmande a. Epi, si mezi disiplinè yo enpoze a pral mwen enpòtan pase sa yo te rekòmande a, esplikasyon an dwe montre fason Komisè Polis la te rive pran dezisyon an epi li dwe gen ladan chak faktè li te konsidere. Li pral oblije bay esplikasyon sa a nan yon delè 45 jou apre yo fin enpoze mezi disiplinè a (sof lè gen yon delè ki pi kout Komisè Polis la ak CCRB dakò sou li).

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè tousuit.

Fo Deklarasyon Ofisyèl nan Zafè CCRB yo. Kounye a, si CCRB a gen rezon pou li kwè yon polisye te fè yon fo deklarasyon pandan yon ankèt CCRB, li ap voye zafè a bay Depatman Polis la pou li mennen plis ankèt epi pran plis mezi disiplinè si genyen epi li pa p pran plis mezi poukont li. Amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral pèmèt CCRB mennen ankèt, tandè moun epi fè konklizyon ak rekòmande mezi disiplinè konsènan si yon deklarasyon ofisyèl yon polisye ki gen yon plent CCRB fè se verite, si deklarasyon sa a te fèt pandan rezolisyon plent CCRB a oswa si li gen rapò ak rezolisyon plent CCRB a.

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè 31 mas 2020.

Delegasyon Pouvwa Asiyasyon. Kounye a, Manman-Lwa a bay CCRB pouvwa pou li bay asiyasyon pou l egzije temwen yo bay temwayay oswa bay dosye ki pou ede li mennen ankèt li yo. Yo kapab bay asiyasyon sa yo sèlman si yon majorite nan konsèy CCRB a bay apwobasyon li. Amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral pèmèt CCRB otorize Direktè Egzekitif li a bay asiyasyon sa yo epi chèche fè aplike yo nan tribinal si sa nesesè. CCRB pral kapab fè oswa retire otorizasyon sa a avèk yon vòt majorite manm konsèy li yo.

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè 31 mas 2020.

KESYON #3: ETIK AK GOUVÈNANS

Pwopozisyon sa a pral fè plizyè amandman nan Manman-Lwa Vil la jan yo endike sa pi ba a.

Entèdiksyon pou Parèt Apre Travay pou Ofisyèl ki Eli yo ak Wo Fonsyonè yo Nonmen yo. Jeneralman, yo pa otorize ansyen anplwaye minisipal yo ak ofisyèl ki eli yo pou yo kominike avèk ajans lan, oswa nan kèk ka branch nan gouvènman an, ki te ba yo travay. Entèdiksyon sa a dire yon (1) lane apre travay yo a fini. Amandman sa a yo pwopoze nan Manman-Lwa a pral pwolonje entèdiksyon sa a rive de (2) lane pou ofisyèl ki eli yo, majistra adjwen yo, direktè ajans yo, manm konsèy ak komisyon yo peye yo, ak direktè egzekitif la oswa fonksyonè ki pi wo plase a nan yon konsèy oswa komisyon.

Amandman sa a pral antre an vigè 1ye janvye 2022 epi li pral aplike pou tout fonksyonè ki kite travay minisipal la apre dat sa a.

Estrikti Konsèy Konfli Enterè a. Konsèy Konfli Enterè a (Conflicts of Interest Board, COIB) responsab pou fè aplike lwa ak règ ki an vigè yo epi entèprete yo pou fonksyonè yo, tankou sa ki gen pou wè ak travay deyò, fè benevola, kado, aktivite politik, move itilizasyon pozisyon ak restriksyon apre travay yo.

Kounye a, COIB genyen senk (5) manm konsèy. Se Majistra a ki nonmen tout pou yon manda sis (6) lane avèk konsèy ak konsantman Konsèy Minisipal la. Amandman sa a yo pwopoze nan Manman-Lwa a pral ranplase de (2) manm ki gen manda yo k ap ekspire 31 mas 2022 avèk yon (1) manm Kontwolè a nonmen ak yon (1) manm Defansè Piblik la nonmen. Amandman an pral mande tou pou omwen twa (3) manm yo (yon majorite), olye se sèlman de (2) manm, apwouve desizyon konsèy la pran yo.

Amandman pwopoze a pral antre an vigè tousuit.

Aktivite Politik Manm COIB yo. Manman-Lwa a fikse nòm oswa estanda pou manm COIB yo. Yo dwe montre yo endepandan, yo dwat, yo pran angajman sivik epi yo gen nòm etik ki wo. Yo pa kapab ni okipe ni chèche jwenn fonksyon piblik, yo pa kapab fonksyonè, okipe fonksyon nan pati politik oswa parèt antanke lòbiyis devan Minisipalite a. Anplis, amandman sa a yo pwopoze nan Manman-Lwa a pral anpeche manm COIB yo patisipe nan kanpay nenpòt kandida ap fè pou yon pòs elektif nan Vil la, epi redui montan lajan maksimòm manm yo kapab mete nan chak sik elektoral pou kandida pou Majistra yo (rive \$400), pou Defansè Piblik (rive \$400), pou Kontwolè (rive \$400) pou Prezidan Minisipal (rive \$320), epi pou Konsèy Minisipal (rive \$250 chak).

Amandman sa a pral antre an vigè tousuit epi li pral aplike pou nenpòt manm COIB nonmen, oswa ki gen manda li ki pwolonje, apre dat sa a.

Direktè ak Pòs M/WBE nan tout Vil la. Selon Manman-Lwa Vil la ak Kòd Administratif la, pwogram Minisipalite a pou Antepriz Komèsyal Ki Pou Gwoup Minorite ak Fanm yo (Minority-and Women-Owned Business Enterprise, M/WBE) responsab pou fè pwomosyon pou opòtinite fè kontra avèk administrasyon Vil la pou biznis ki pou gwoup minorite ak fanm yo. Anba administrasyon majistra aktyèl la, yon Direktè M/WBE nan tout Vil la ki rann kont dirèkteman bay Majistra a epi yon Biwo M/WBE ki nan biwo Majistra a sipòte ap kowòdone pwogram lan. Men,

lwa ki egziste a pa mande pou sa kontinye fèt. Amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral mande, nan tout administrasyon majistra k ap vini yo, pou Direktè M/WBE nan tout Vil la rann kont dirèkteman bay Majistra a epi pou yon Biwo M/WBE ki nan biwo Majistra a sipòte li.

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè 31 mas 2020.

Nominasyon Konseye Jiridik la. Konseye Jiridik Minisipalite a se avoka ak konseye Minisipalite a epi li dirije Sèvis Jiridik Minisipalite a. Sèvis Jiridik la reprezante Minisipalite a, ak tout ajans li yo, nan tout pwosè sivil, pwosedi ki gen pou wè ak delenkans jivenil ak pwosedi egzekisyon devan tribinal penal yo. Pami lòt responsablite yo, avoka ki nan sèvis jiridik yo ekri ak revize lejislasyon Vil la ak Eta New York, kontra lokasyon byen imobilye ak kontra Vil yo. Sèvis Jiridik la bay ofisyèl minisipalite yo konsèy jiridik tou sou yon pil sijè. Kounye a, Majistra a nonmen Konseye Jiridik la.

Amandman sa a yo pwopoze nan Manman-Lwa a pral mande pou Majistra a nonmen Konseye Jiridik la avèk konsèy ak konsantman Konsèy Minisipal la. Apresa, yo pral mande pou Majistra a fè yon nominasyon nan yon delè 60 jou apre yon pòs vid oswa Konsèy Minisipal fin dezapwouve yon nominasyon, epi fè tout jefò ki rezonab pou li mete yon moun nan yon pòs vid nan yon delè 120 jou.

Amandman pwopoze a pral antre an vigè tousuit epi li pral aplike pou nenpòt pòs ki vid nan biwo Konseye Jiridik la ki egziste nan moman apwobasyon amandman an oswa apre apwobasyon amandman an.

KESYON #4: BIDJÈ VIL LA

Pwopozisyon sa a pral fè plizyè amandman nan Manman-Lwa Vil la ki gen pou wè ak bidjè epi pwosesis bidjetizasyon Vil la.

Manman-Lwa Vil la tabli yon pwosesis detaye Majistra ak Konsèy Minisipal la fikse bidjè Vil la selon li menm chak ane. Jeneralman, Majistra a pwopoze yon Bidjè Preliminè nan mwa janvyè ki gen yon Bidjè Egzekitif ki vini annapre li nan mwa avril. Konsèy Minisipal la adopte bidjè a nan mwa jen, jeneralman apre li fin negosye avèk Majistra a, epi bidjè sa a aplike pou ane fiskal ki vini annapre a, ki kòmanse 1ye jiyè.

Fon Estabilizasyon Revni (yo rele tou Fon “Ijans”). Yon fon “ijans” se yon fon kote yo ekonomize resèt anplis yo pou yon (1) lane pou yo kapab itilize yo pou ane k ap vini yo pou ede ranpli vid bidjetè, pa egzanp, ralantisman ekonomik, sitiyasyon ijans, oswa bèss sanzatan nan resèt lakoz. Fon “ijans” yo kapab bay yon altènativ pou ogmante taks ak koupe sèvis yo nan moman kote gen nesèsite fiskal yo, men nan kounye a genyen obstak jiridik ki anpeche yo kreye yon fon “ijans” pou Vil la.

Yon obstak jiridik se Manman-Lwa Vil la ki entèdi yo itilize resèt yo resevwa ak ekonomize pandan yon (1) lane pou ekilibre bidjè pou ane k ap vini an. Amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral fè yon esepsyon nan egzijans bidjè ekilibre Vil la pou li pèmèt yo itilize lajan ki soti nan fon “ijans” lan, lè yo tabli ak finanse li, pou yo rive jwenn yon bidjè ekilibre pandan yon ane espesifik. Chanjman nan lwa Eta a, ki gen egzijans ki sanble ak egzijans ki nan Manman-Lwa Vil la, nesèse tou pou Vil la itilize yon fon “ijans”. Egzijans lwa Eta sa yo pral ekspire talè nan lane 2033.

Si yo pwomilge amandman yo pwopoze nan Manman-Lwa a, epi si chanjman nesèse nan lwa Eta a fèt, donk Vil la pral kapab itilize yon fon “ijans”, ki pliye anba lòt restriksyon nan lwa Eta ki reglemante itilizasyon yon fon konsa.

Bidjè Pwoteje pou Defansè Piblik la ak Prezidan Minisipal yo. Majistra a ak Konsèy Minisipal la fikse bidjè pou pòs Defansè Piblik ki eli a ak senk (5) Prezidan Minisipal ki eli yo chak ane. Nan kòmansman ane fiskal 2021 an, amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral fikse bidjè minimòm yo pou Defansè Piblik la ak Prezidan Minisipal yo. Nan itilize bidjè aktyèl pou ane fiskal 2020 antanke yon baz, yo pral ajiste bidjè sa yo nan ane fiskal k ap vini yo an fonksyon chanjman pousantaj ki pi piti a nan bidjè depans total Vil la (san konte kèk eleman tankou kontribisyon pansyon) oswa to enflasyon an nan zòn metwopolitèn Vil New York la, sof si Majistra a pran yon desizyon alekri ki di yon bidjè ki pi ba nesèse sou plan fiskal nan yon ane espesifik.

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè tousuit yon fason pou li pèmèt bidjè minimòm ki nesèse a an plas pou ane fiskal 2021 an.

Estimasyon Resèt. Manman-Lwa Vil la mande kounye a pou Majistra a soumèt bay Konsèy Minisipal la yon estimasyon pou resèt yo prevwa yo nan ane fiskal k ap vini an ki soti nan sous ki pa taks fonsye anvan 5 jen. Apre dat sa a, pral gen kèk konsekans selon Manman-Lwa Vil la si yo poko adopte bidjè a. Men, an pratik, Majistra a souvan soumèt estimasyon an prèske nan moman kote pou yo adopte bidjè a, sa ki souvan rive anvan 5 jen. Estimasyon resèt fiskal non fonsye a jwe yon wòl enpòtan paske Manman-Lwa a mande pou Konsèy Minisipal la fikse to taks fonsye ki ase

pou ekilibre bidjè a (kidonk, ki ase pou finanse diferans ant estimasyon resèt fiskal non fonsye a ak depans ki prevwa nan bidjè a) tousuit apre adopsyon bidjè a.

Amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a, ki pral antre an vigè tousuit, pral mande pou Majistra a soumèt estimasyon resèt fiskal non fonsye a bay Konseye Minisipal la lè Majistra a soumèt bidjè egzekitif la nan mwa avril. Majistra a kapab aktyalize estimasyon sa a jiska 25 me. Apre 25 me, Majistra a kapab aktyalize estimasyon an plis si Majistra a te pran yon desizyon alekri sou nesosite fiskal la.

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè tousuit yon fason pou li pèmèt bidjè pwosedi a an plas pou ane fiskal 2021 an.

Moman ki chwazi pou Modifikasyon Bidjè a. Apre yo fin adopte bidjè Vil la, yo kapab modifye li pandan ane fiskal la. Nan pifò ka yo, si Majistra a vle aktyalize bidjè a pou li reflekte chanjman nan depans oswa resèt oubyen pou transfere lajan yo bay pou yon ajans oswa yon pwogram nan yon lòt, Majistra a dwe swa – selon nati chanjman yo pwopoze nan bidjè a – chèche apwobasyon Konseye Minisipal la oswa avèti Konsèy la pou ba li yon opòtinite pou li dezapwouve chanjman yo pwopoze yo. Yo jeneralman rele pwosesis sa a chèche “modifikasyon bidjè.”

Anplis preparasyon bidjè Vil la, Majistra a prepare tou yon plan finansye ki gen ladan li enfòmasyon sou depans pou ane fiskal aktyèl la ak resi pou resèt yo epi li souvan gen enfòmasyon sou nouvo pwogram yo ak rediksyon nan bidjè yo. Manman-Lwa Vil la mande pou yo pibliye mizajou plan finansye yo omwen chak twa (3) mwa pandan ane fiskal la.

Amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral mande, nan kòmansman ane fiskal 2021 an, lè Majistra a soumèt yon mizajou plan finansye ki gen ladan li yon chanjman nan resèt oswa depans ki pral mande pou Majistra a chèche yon modifikasyon bidjè, yo dwe soumèt modifikasyon bidjè ki nesèsè a bay Konsèy Minisipal la nan yon delè 30 jou apre mizajou plan finansye a.

KESYON #5: ITILIZASYON TÈ

Pwopozisyon sa a pral fè de (2) amandman nan dispozisyon ULURP yo ki nan Manman-Lwa a.

Manman-Lwa Vil la tabli yon Pwosedi Revizyon Inifòm Itilizasyon Tè a (Uniform Land Use Review Procedure, ULURP), ki presize yon delè ak sekans pou revizyon piblik ak apwobasyon aplikasyon pou itilize tè pou plizyè aktè nan gouvènman – Komite Kominotè yo, Prezidan Minisipal yo, Komisyon Amenajman Iben (CPC), epi finalman, Konsèy Minisipal la. Yon pil mezi itilizasyon tè pliye anba ULURP a, tankou deziyasyon distri zonaj pou pèmèt plizyè dansite diferan epi itilize yo nan yon zòn; acha, lavant oswa kontra lokasyon pwopriyete Vil la fè, tankou acha tè pou bati yon garaj asenisman; ak pèmi espesyal yo pou pèmèt pwojè ki varye yo soti nan konfòmite estrik avèk Rezolisyon Zonaj Vil la.

Peryòd Avi Pre-Sètifikasyon ULURP. ULURP a kòmanse lè yon aplikan (ki kapab se yon aktè piblik, tankou yon pwomotè imobilye, oswa yon ajans nan Vil la) depoze fòmèlman aplikasyon li bòkote Depatman Amenajman Iben an (Department of City Planning, DCP) epi DCP ap sètifye si aplikasyon an konplè.

Amandman sa a yo pwopoze nan Manman-Lwa a pral mande DCP pou voye yon rezime pwojè ki detaye bay Komite Kominotè, Prezidan Minisipal la ak Komite Minisipal ki afekte a anvan DCP sètifye si aplikasyon pou pwojè a (yo) konplè epi kòmanse peryòd revizyon piblik ULURP a. Yo pral oblije transmèt rezime pwojè ki nesèsè a bay Komite Kominotè a, Prezidan Minisipal la ak Komite Minisipal la anvan 30 jou apre yo fin sètifye aplikasyon an, epi DCP ap pibliye li sou sitwèb li a nan yon delè senk (5) jou apre. Aplikasyon an (yo) jan DCP sètifye li a pral oblije kadre avèk rezime pwojè DCP transmèt ak pibliye sou sitwèb li an.

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè 31 out 2020.

Plis Tan Revizyon ULURP pou Komite Kominotè yo. Nan kad ULURP, depi yon Komite Kominotè resevwa yon aplikasyon DCP te sètifye ki konplè, li gen 60 jou pou li avèti piblik la, òganize yon odyans piblik, epi soumèt rekòmandasyon alekri li yo bay Komisyon Amenajman Iben an (CPC) ak Prezidan Minisipal ki afekte a. Manman-Lwa a mande pou Komite Kominotè a òganize omwen yon odyans piblik chak mwa, esepite yo jeneralman pa mande pou odyans yo òganize sa yo nan mwa jiyè ak mwa out. Kèk komite kominotè pa kapab òganize odyans ULURP ki nesèsè pandan mwa ete yo, sa ki rann li difisil oswa pa posib pou yo fè rekòmandasyon bay CPC ak Prezidan Minisipal la.

Amandman nan Manman-Lwa yo pwopoze a pral bay yon Komite Kominotè plis tan pandan pwosesis ULURP a pou li revize, òganize yon odyans piblik epi fè rekòmandasyon li pou aplikasyon sa yo ki sètifye ant 1ye jen ak 15 jen nan ane sivil la. Sitou, amandman pwopoze a pwevwa Komite Kominotè yo pral genyen 90 jou (angiz 60 jou) pou yo revize aplikasyon ULURP ki sètifye nan mwa jen yo ak 75 jou (angiz 60 jou) pou yo revize aplikasyon ULURP ki sètifye ant 1ye jiyè ak 15 jiyè yo.

Amandman pwopoze sa a pral antre an vigè tousuit.